**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–25.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भीषण चक्रवाती तूफान दाना के ओडिशाक तट सँ टकरेबाक बाद एखन धरि कोनो पैघ नोकसान हेबाक संवाद नहि प्राप्त भेल अछि। ओडिशा आ पश्चिम बंगाल मे स्थिति एखन सामान्य बनल अछि। एम्हर, बिहार मे एहि चक्रवाती तूफानक प्रभाव सँ कतेको क्षेत्र मे आंशिक अथवा मध्यम बरखा भेल अछि। चक्रवातक कारणे तेज आ ठंडा–हवा प्रवाहित भऽ रहल अछि। मौसम मे व्यापक बदलाव दर्ज कयल गेल अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार सभ सँ बेसी तेईस मिलीमीटर बरखा पूर्णियां जिलाक अमौर मे दर्ज कयल गेल। ओतहि, मधेपुरा, कटिहार, सुपौल आ खगड़िया जिला मे सेहो आंशिक बरखा भेल अछि।

---

मौसम विभाग आइ सँ सत्ताईस अक्टूबर धरि प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे गरज के संग बरखा हेबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि। एहि क्रम मे कतहु–कतहु ठनका खसबाक आशंका सेहो बनल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे चक्रवातीय तूफानक प्रभाव सँ पश्चिमी चंपारण, सारण, सीवान, दरभंगा, वैशाली आ मुजफ्फरपुर सहित कतेको क्षेत्र मे तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा चलि रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक चारि विधानसभा क्षेत्र– तरारी, बेलागंज, इमामगंज आ रामगढ़ उपचुनाव लेल नामांकन–पत्र भरबाक काज आइ समाप्त भऽ गेल। नामाकंन पत्रक जांच अठाईस अक्टूबर के होयत। जखनकि प्रत्याशी तीस अक्टूबर धरि अपन नाम वापस लऽ सकताह। मतदान तेरह नवंबर के होयत।

———————————————————————

न्यायामूर्ति संजीव खन्ना भारतक अगिला प्रधान न्यायाधीश हेताह। विधि मंत्री अर्जुनराम मेघवाल एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू निवर्तमान प्रधान न्यायाधीश डी.वाई. चंद्रचुड़ सँ परामर्शक बाद न्यायामूर्ति खन्ना के प्रधान न्यायाधीश नियुक्त

कयलनि अछि। ओ एगारह नवंबर के अपन पदभार ग्रहण करताह। न्यायामूर्ति खन्ना देशक एकाबनम प्रधान न्यायाधीश हेताह।

———————————————————————

सूचना आ प्रसारण मंत्रालयक संयूक्त सचिव संजीव शंकर आइ आकाशवाणी पटना पहुँचलाह। श्री शंकर स्वच्छता अभियान– 4.0 के लऽकऽ मंत्रालयक विभिन्न इकाईक संग समीक्षा बैसार कयलनि। आकाशवाणी पटनाक केन्द्र प्रमुख एच.डी. सिडाम आ आनो अधिकारी हुनक स्वागत कयलनि।

———————————————————————

समस्तीपुरक सांसद शांभवी चौधरी के रेल मंत्रालय अपन परामर्शदात्री समितिक सदस्य मनोनीत कयलक अछि। एहि के लऽकऽ मिथिलांचलक कतेको लोक हुनका बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————

राष्ट्रीय हरित प्राधिकरण आ सर्वोच्च न्यायालयक आदेश पर पटना, गया, मुजफ्फरपुर आ वैशाली जिला मे फटक्काक बिक्री पर पूर्णरूपेण रोक लगा देल गेल अछि। एहि जिला

सभ मे वायु प्रदूषणक बढैत स्तर के देखैत फटक्काक उपयोग के प्रतिबंधित कयल गेल अछि। पर्यावरण, वन आ जलवायु परिवर्तन विभाग तथा बिहार राज्य प्रदूषण नियंत्रण पर्षद संबंधित जिलाधिकारी लोकनि के आदेशक अनुपालन करेबाक आ उल्लंघन करयवला सँ जुर्माना वसूलबाक संगहि, कानूनी कार्रवाई करबाक आदेश देलक अछि।

————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ विश्व शांति स्तूप राजगीरक पचपनम स्थापना दिवस समारोह मे उपस्थित भेलाह। श्री कुमार एहि अवसर पर बौद्ध भिक्षु लोकनिक अतिरिक्त विभिन्न धर्मक अनुयायी के सेहो संबोधित कयलनि। मुख्यमंत्री शांति स्तूप लऽग बनल एकीकृत भवनक उद्घाटन सेहो कयलनि।

————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति इंटर सेंटप परीक्षाक कार्यक्रम जारी कऽ देलक अछि। सैद्धांतिक परीक्षा एगारह नवंबर सँ अठारह नवंबर धरि दू पाली मे होयत। ओतहि, प्रायोगिक परीक्षा उनैस नवंबर सँ एकैस नवंबर धरि आयोजित कयल जायत।

————————————————————————

बिहार आ कर्नाटकक मध्य रणजी क्रिकेट मैचक मोकाबिला काल्हि सँ पटनाक मोईनुलहक स्टेडियम मे खेलल जायत। एहि लेल सभ तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। बिहार क्रिकेट एसोसिएशन सँ प्राप्त जनतबक अनुसार कर्नाटकक टीम पटना पहुँचि गेल अछि। काल्हि सवेरे साढ़े आठ बजे सँ मैच शुरू होयत।

——————————————————————

सहरसा मे नगर निगमक सफाईकर्मी सहित आनो कर्मी लोकनि दिवाली सँ पूर्व अक्टूबर मासक वेतन अथवा मानदेय के भोगतान करबाक लेल महापौर बैनप्रिया आ नगर आयुक्त के पत्र लिखलनि अछि।

बेगूसराय स्थित आयुर्वेद महाविद्यालय मे वर्ड आयुर्वेद कांग्रेस द्वारा सेटेलाईट सेमीनार आयोजित कयल गेल। एहि मे पटना, दरभंगा आ बेगूसरायक आयुर्वेद विशेषज्ञ लोकनि भाग लेलनि।

कटिहार नगर थाना क्षेत्रक एक निजी होटल मे पुलिस अधीक्षकक निर्देश पर पुलिस छापामारी कऽ छियासठि किलो चानी आ चानी सँ निर्मित समान बरामद कय गेल। एहि क्रम मे चारि गोटे के गिरफ्तार सेहो कयल गेल अछि।

---

समाप्त